# ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭМАЛАРЫНДА СТИЛИСТИКАЛЫҚ ФИГУРАЛАРДЫҢ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТЛЕРИ

**Сайымбетов Шарапат Орақбаевич**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис*

Поэмалар лирикалық өлшемге тийкарланған қосық формасына қурылғанлықтан, оның қурылысында қолланылған сөзлер ҳәм сөз дизбеклери бәрҳама ықшамлықты, тартымлылықты ҳәм образлылықты талап етеди. Ой-пикирди көркем сәўлелендириўде орын алатуғын көп сөзлилик ямаса сәтсиз қолланылған сөз дизбеклери поэмалардың көркемлигине нуқсан келтирип, қунын түсиретуғыны анық. Сонлықтан да, ҳәр бир талант ийеси өз шығармаларында көтерип шыққан әҳмийетли мәселелерди оқыўшылар қәўимине көркемлик пенен жеткерип бериўде поэтикалық тилдиң мүмкиншиликлеринен орынлы пайдаланыўға ҳәрекет етеди.

Әдебияттаныў илиминде бундай сүўретлеўлер «поэтикалық синтаксис, синтаксислик фигура ямаса стилистикалық фигуралар» [6, 60-61] деп қаралады.

Рус теоретик алымы М.Я.Поляковтың «фигуралар поэтикалық тилдеги семантикалық операциялардың айрықша модели болып есапланады» [9, 212] – деп көрсеткениндей, «поэтикалық синтаксис шығарма тилиниң образлылығын, эмоционаллығын асырыўда басқа сүўретлеў усыллары сыяқлы әҳмийетли роль ойнайды» [14, 142]. Яғный, «көркем фигуралар эмоционал тәсиршеңликке ерисиў мақсетинде қолланылатуғын айрықша стилистикалық бирликлер болып есапланады» [5, 68]. Биз усындай теориялық пикирлерден келип шығып, сөз етилип атырған дәўир поэмаларының қурылысында қолланылған стилистикалық фигуралардың көркемлик хызметине тоқтап өтемиз. Стилистикалық фигуралар риторикалық сораў, риторикалық үндеў, қайталаў, градация, инверсия, эллипсислерди өзиниң ишине алатуғынлығы, Әжинияз лирикасының поэтикасын изертлеген алым Б.Генжемуратовтың мийнетинде де арнаўлы үйренилген [4, 43].

Биз үйренип атырған дәўир поэмаларынан И.Юсуповтың «Актрисаның ығбалы» (1956-1958) лиро-драмасынан алынған қатарларға итибар қаратсақ:

Ҳей сен, қоңыратлы қыз, жаным Арыўхан,
<u>Қызыл қапы алдында иркилдиң неге?</u>
Сығалап турғанды қой тал арасынан,
Жетер тартынғаның, кир ишкериге [15, 7].

Келтирилген үзиндидеги «<u>Қызыл қапы алдында иркилдиң неге?»</u> риторикалық сораўы мәзи қолланылмастан, поэма қаҳарманының өтмиштеги тәғдирин ашып бериўдиң утымлы усылына айланған. Яғный шайыр

Арыўханның қызыл қапы алдында (көркем өнерге аяқ басыўда) иркилип қалғанлығының сырын өз оқыўшысына бирден жайып салмастан, поэманың соңғы сюжетлик ўақыяларын сүўретлеў барысында аңлатып барады.

«Риторикалық сораў – көркем шығармаларда сораў гәп түринде қурылып, бирақ жуўап талап етилмейтуғын синтаксислик усыл» [3, 178] болыў менен бирге автор тәрепинен ямаса қаҳарманлардың бири-бирине берген сораўлары арқалы да шығарманың идея-тематикасы ҳәм образлары ҳаққында көп мәнини билип алыўға жәрдем етеди. Мысалы, Т.Мәтмуратовтың «Садықлық» (1970) лирикалық поэмасында да, поэма қаҳарманы Гүлзийбаның екинши жәҳән урысы апаты менен сүйикли ярынан айырылып, пәряд шегиўи риторикалық сораўлардың жәрдеминде былайынша көркем сүўретленген:

Ашықлықтың ақыбети
Усылай болып питкени ме?
Қайда қалды ҳақ нийети?
Көп болды ғой кеткенине.

Егер қудай билсе есин,
Жағдайына қарамай ма?
Ең болмаса нәрестесин
Аямай ма, аямай ма? [8, 250]. Усылайынша поэма қаҳарманы Гүлзийба өзине өзи тынымсыз сораў береди, лекин, кенелген жиптиң ушын таба алмағанындай, сораўдың да жуўабын таба алмай қыйналады.

Т.Сейтжановтың «Тәғдир» (1974) драмалық поэмасында болса, екинши жәҳән урысында қыйрап, бүлгиншиликке ушыраған қалалардың, баў-бақшалы жерлердиң аянышлы көриниси шайырды аўыр толғанысқа салады ҳәм оны риторикалық сүўретлеўдиң жәрдеминде былайынша тәсирли сүўретлеген:

Баяғы жайқалған бағлары қәне?
Қалалардың бәлент жайлары қәне?
Айқырған заводлар қайларға кетти?
Сонша азаматлар қайларға кетти?
Сулыўлықлар қайда бойларға питкен?
Сулыў отлар қайда сайларға питкен?
Жасыл масатылар қайда гилемдей?
Көклемзарлар қайда толы әлемдей? [12, 204]

Дәўир поэмаларының қурылысында лирикалық ҳәм драмалық сүўретлеўлерди күшейтиўде әҳмийетли орын ийелеген стилистикалық фигуралардың және бир түри риторикалық үндеў есапланады. Яғный, «Риторикалық қаратпа, риторикалық үндеў – көркем шығармаларда оқыўшылардың дыққатын аўдарыў, қаҳарманлардың ишки руўҳый

жағдайларын бериў, лиризмди күшейтиў ушын қолланылатуғын синтакислик-стильлик усыл» [3, 178]. Ол риторикалық сораўларға жақын келеди, бирақ, риторикалық үндеўде белгили бир нәрседен тәсирленген автор яки қаҳарман терең ойға берилип кетпестен, өзиниң ишки кеширмелеринде писип жетилискен, жуўмақланған ой-пикирлерин екиленбестен анық етип, ортаға таслайды. Сонлықтан да, риторикалық үндеўлер, риторикалық сораўлардан да көбирек оқыўшы дыққатын өзине қаратыў ушын сүрен, шақырық, әрман, тилек мазмунына ийе болып келеди.

Мысалы, шайыр Ғ.Сейтназаров «Темир қазық» (1978) поэмасының қаҳарманы Берунийдиң аўыр кешкен тәғдири ҳаққында былайынша толғанысқа түседи:

О, айралық,
Шексиз нала!
Инсанның бас қарасысаң,
Запыран толы жүреклердиң
Орны толмас жарасысаң! [13, 4].

Риторикалық үндеўлерде сөзлер көтериңки руўҳта, интонация менен айтылады. Интонация ҳәр қандай шығармада драматизмди күшейтип, тереңлестириўге жәрдем береди. Және, риторикалық үндеўлер қарақалпақ поэмалары қурылысында драмалық пафостың күшейиўине тәсир жасайды. Әсиресе, ол шығарма қурылысында риторикалық сораўлар менен қабатласып ямаса биргелесип келип, драматизмди келтирип шығарады. Мысалы: шайыр Ҳ.Айымбетовтың «Қыз» лирикалық поэмасындағы:

Эх, залым айралық!
Не болар енди?
Ҳәзир олар ашық болды қайтадан,
Айнымас ҳәм меҳрийбан перзентиң –
Тек ашықлар емес пе еди, айт адам!? [1, 34],-деген қосық қатарларында риторикалық үндеў менен риторикалық сораўлар гезеклесип ҳәм қабатласып келип, лирикалық қаҳарманның ашықлық, айралық, муҳаббат ҳаққындағы ишки сезимлериниң жүзеге шығыўына алып келген.

Бундай риторикалық сораў менен риторикалық үндеўдиң қабатласып келиўин қарақалпақ драмалық поэмаларының сюжетинде драматизмниң күшейтилип сүўретленген орынларын да жийи ушыратамыз. Мысалы, К.Рахмановтың «Аласапыран жыллар» драмалық поэмасынан келтирилген үзиндиге нәзер аўдарайық:

Инжигүл
Бул не дөҳмет?! Азғырып
Мусылманшылықтан

Қызыңа не қылдым?

Еситейин айт!

Ҳеш нәрсе болған жоқ шеккендей нала [10, 3].

Поэма қаҳарманы Инжигүл ери Қулымбеттиң қызы Маржангүл ҳаққында айтқан айыплаўларына шыдай алмай аўыр пәряд шегеди. Инжигүлдиң ишки руўҳый азаплары риторикалық сораўлар ҳәм риторикалық үндеўлердиң тийкарында драмалық усылда ашып бериледи.

Т.Сейтжановтың «Тәғдир» (1974) лиро-драмалық поэмасында да риторикалық сораў менен риторикалық үндеў қаҳарманның ишки психологиялық кеширмелерин ашыўдың көркем усылына айланады. Мәселен:

Япырмай ай, бул баяғы батыр ғой!

Неге излейди? Ол қәбирде жатыр ғой!

Қаҳарман емес пе, мәртлиги дәстан?

Бул ҳаққында хабар қылғалы қашшан?! [12, 211].

Биз сөз етип отырған дәўир поэмалары қурылысында ең көп ҳәм өнимли қолланылған стилистикалық фигуралардың бири қайталаў есапланады. Қайталаўда айырым сөзлер, сөз дизбеги ямаса гәплердиң бир неше мәртебе тәкирарланыўы арқалы сөздиң ямаса гәптиң көркем-эстетикалық сыпатын арттырыўға болады. Шайырлар бундай сүўретлеў усылы арқалы лирикалық қаҳарманның ишки кеширмелеринен өтип атырған ой-сезимлери менен ўақыя-ҳәдийселерди образлы етип сүўретлеўге ерисип барғанлығын көремиз. Мәселен, Ҳ.Айымбетовтың «Қыз» (1974) поэмасындағы:

Ашық бола алмас ҳадал емеслер,

Олар сүйе билмес пәкликти ярды,

Ашық бола алмас жаўызлар – peслер,

Ашық бола алған басқаның бәри [1, 32], – деген қосық қатарларында «ашық бола алмас», «ашық бола алған» қайталаўлары арқалы шын ашық болыў ушын, шын кеўилден сүйиў ушын ҳадаллық, пәклик, мийирманлық керек екенлигин, егерде усындай пазыйлетлер жоғалған жерде ашықлық ҳаққында гәп айтыў мүмкин емеслигин контраслық усылда сүўретлеген.

Және де, «Қыз» поэмасындағы:

Жигит жанын жеди кеўил-қәстелик,

Ярға жетпегенше тақат қалмады.

Ол ушын сабырдың есиги илик,

Ол ушын күн өтип, саат қалмады [1, 28], – деген қатарлардағы «ол ушын», «қалмады» қайталаўлары поэма қаҳарманы Әметтиң ишки кеширмелеринен өтип атырған ой-сезимлерин ашыўдың көркемлик усылына айланады.

Бундай қайталаўларды шайыр Ғ.Сейтназаровтың «Темир қазық» (1978) поэмасында да ушыратамыз. Мәселен:

Инсан ушын азатлықтан,
Артық нәрсе көрмегенмен.
Илимде де азатлық деп,
Азатлық деп шөллегенмен.

– Бахыт қайда?
Ҳақыйқатлықта
– Илим күши неден ибарат?
Ҳақыйқатлық тек ҳақыйқатлықтан
Изле достым, шынлықтан фақат
Ҳақыйқатлық – тийкар халықтан [13, 3-8].

Бул қосық қатарларында шайыр поэманың бас қаҳарманы Берунийдиң реал өмирде де «азатлық» ҳәм «ҳақыйқатлық» баслы ураны болып, усындай ағла нийетлердиң тәрептары болғанлығын айқынырақ ашып бериў мақсетинде қайталаў усылынан утымлы пайдалана алған.

Дәўир поэмаларының композициялық дүзилисинде қолланылған өзгеше усыл инверсиялар саналады. Көркем сөз шеберлери сөзлердиң избе-излигин сақламай, олардың орын тәртибин алмастырыў арқалы қосық қатарларындағы уйқас, буўын ҳәм ырғақ бирлигин сақлаўға ҳәм ой-пикирдиң образлылығын күшейтип, лиризмди тереңлестириўге ерискенлигин көремиз. Мәселен, И.Юсуповтың «Дала әрманлары» (1964) поэмасында шайырдың шарықлаған ой-қыяллары кең даланың ерке ҳәм жүйрик жәниўарлары менен инверсиялық усылда былайынша салыстырылып сүўретленген.

Еркин жүрсин олар, үркпесин меннен,
Ет жегеннен абзал жүрисин көргеним.
Кийиклер ылаққанда кең дала менен,
Кийик болып кетер қыялым мениң [15, 90].

Егер, биз шайыр сүўретлеген жоқарыдағы қосық қатарларын:

Олар меннен үркпесин, еркин жүрсин,
Жүрисин көргеним, ет жегеннен абзал.
Кийиклер кең дала менен ылаққанда,

Мениң қыялым кийик болып кетер, – деп гәп ағзаларын орын тәртиби менен избе-из жайластырсақ, қосықтың уйқасы менен ырғағы бузылып, сөзлердиң тәсир күши де кемейип кетер еди. Сонлықтан да, шайыр сөзлердиң мәниси ҳәм мазмунын еле де көркемлеп жеткериў мақсетинде инверсиялық сүўретлеў усылынан шеберлик пенен пайдаланған.

Инверсиялық сүўретлеўлер шайыр Ҳ.Айымбетовтың «Қыз» (1974) поэмасында да жийи қолланылғанлығын гүзетемиз. Мәселен:

Басқа түскенде де заман зулмети,

Гүл киби ашылды нәўше кеўиллер.

Олар қуллық етиўди де билмеди,

Ақыры,

Саҳра қушағында қулпырар гүллер [1, 31].

Бул қосық қатарларындағы сөзлерди де орын тәртиби менен избе-из жайластырсақ, қосықтың уйқасы менен ырғағы бузылып, ой-пикирдиң әпиўайы баянлаў болып қалатуғынлығын көремиз. Мәселен:

Заман зулмети басқа түскенде де,

Нәўше кеўиллер гүл киби ашылды.

Олар қуллық етиўди де билмеди,

Ақыры,

Гүллер саҳра қушағында қулпырар.

Демек, шайыр Ҳ.Айымбетов та инверсиялық сүўретлеўден утымлы пайдаланып, поэма қаҳарманлары Әнжим менен Әметтиң бири-бирине болған сүйиўшилик сезимлерин лирикалық, символикалық, метафоралық усылда көркем сүўретлеўге ҳәрекет еткенлиги сезилип турады.

Қарақалпақ поэмаларында өнимли қолланылған стилистикалық фигуралардың бири эллипсислер есапланады. Онда таўып қойыўға болатуғын сөзлердиң гәп ағзасының, көбинесе, баянлаўыштың гәпте түсирилип айтылыўы ҳәм соған байланыслы ҳәрекеттиң жеделликтиң күшейтип берилиўи тәмийинленеди. Усындай сүўретлеў өзгешелиги менен эллипсислер шығарма қаҳарманының ишки руўхый кеширмелерин тәсирли етип ашыўда, лиризмди күшейтиўде тийкарғы хызмет атқарады. Мәселен, шайыр К.Каримовтың «Мәңгилик босағасында» (1980) поэмасында:

Ал, ҳәзир рота көтерип басын

Алға умтылады жаңғыртып таўды.

Тағы да қурбанлар...

Бийгүна көз жасын

Төгер ҳаяллар қаралы ана,

Хатларға жазылар еки сөз ғана:

«Пулемет оғынан...

Мәртлерше қазаланды...» [7, 82].

Қосық қатарларындағы асты сызылған сөзлерде шайыр өз ой-пикирлерин ақырына шекем жеткерместен, эллипсислик усылда арнаўлы түсирип кеткен. Яғный, шайыр өткен екинши жәҳән урысында мәртлерше қурбан болған қаҳарманлардың аянышлы тәғдирин өз оқыўшысына тәсирли жеткерип бериўде эллипсислик сүўретлеўден утымлы пайдаланған.

Шайыр Т.Сәрсенбаевтың «Қыз» (1976-1980) поэмасында да Бийбайымның қурғын шаңараққа узатылып баратырғанында анасының қызының келешек

тәғдирин ойлап қамсығыўы эллипсислик сүўретлеўдиң жәрдеминде былайынша ашып берилген:

Сол сәтте анасы тыпыршып қатты,
Шығысын ойланып ойларға батты... [11, 105].

Дәўир поэмаларының қурылысында стилистикалық сүўретлеўдиң апострофа түри де ушырасады. Шайырлар апострофалардың жәрдеминде «өлген адамға тири адам сыпатында, жансыз нәрсеге жанлы нәрсе белгисинде қатнас жасайды» [2, 160]. Лекин, бундай стилистикалық фигура поэмаларда сийрек пайдаланылып, көркем сөз ийелериниң қыялый-фантастикалық ой-сезимлерин бериўдиң көркемлик усылына айланғанлығын көремиз. Мысалы, И.Юсуповтың «Дала әрманлары» (1964) поэмасында Үстирт тәбияты менен бул жердеги ҳайўанатлар дүньясы шайырдың ой-қыялларын шарықлатыўға себеп болған. Яғный, шайыр апострофалардың жәрдеминде бул жердеги жансыз ҳәм жанлы нәрселерге де жан ендирип, көркемлеп сүўретлеўге ериседи:

…«Мен шөлмен! Мен-догма, айтсам ырасын,
Өзгертиўди ойлап урынбаң ҳаслан.
Маған қәдем қойғанлардың санасын,
Тек мениң болмысым белгилеп таслар».

Шықты мәрт ойшыллар өз ойларының
Шынлығын ис пенен тастыйықламаққа.
Шөл тәңириси сырттан қазып қарымын
Оларды тум-тустан алды қамаққа [15, 97-105].

Шайыр усылайынша, тилсиз тәбиятқа жан ендирип, өзгеше түс береди ҳәм бүгинги қайнаған турмыс, өмир менен салыстырмалы сүўретлеўге ериседи. Әсиресе, өлилерди тирилердей етип сөйлетиў ҳәм сол арқалы өткен өмирди еске түсириў, дәўир жиберген қәтелерди тереӊ сезиниў шайыр К.Каримовтың «Мәңгилик босағасында» (1980) поэмасында апострофа усылында утымлы қолланылады. Мәселен:

Опат болған жаў ДЗОТы алдында
Қулашын кең жайып жаўынгер жатыр.
Көгерген еринлери боялып қанға,
Командирге былай баянлап атыр:
«Буйрық орынланды...»

Мәңги ашық болып парахат таңға
Жүреги соғыўдан тоқтаған батыр.
Узақ далаларға Ана-Ўатанға
Былайынша ақырын сыбырлап атыр:

«Буйрық орынланды...» [7, 83].

Бул қатарларда шайыр фашист басқыншылары менен болған екинши жәҳән урысында ўатан ҳәм ел-халық тынышлығы ушын әжелге тик барып, қурбан болған Жуман Каракуловтың мәртлик ислерин эллипсислик усылда тәсирли етип сүўретлеген.

Улыўма жуўмақластырып айтқанда, биз, қарақалпақ поэмаларының қурылысында стилистикалық фигуралардың ҳәр қыйлы көркемлик усылда қолланылғанлығына айырым мысаллардың жәрдеминде қысқаша тоқтап өттик. Тийкарынан, қарақалпақ поэмаларында стилистикалық фигуралар тилдиң көркемлилигин, тәсиршеңлигин арттырыўда, ой-пикирди образлы жеткерип бериўде ҳәм шығарма қаҳарманларының характери менен ишки психологиялық өзгешеликлерин ашып бериўде көркемлик хызмет атқарған. Шайырлар стилистикалық фигуралардың риторикалық сораў, риторикалық үндеў, инверсия ҳ.т.б. түрлеринен шебер пайдаланыў арқалы поэмада лиризмди, драматизмди күшейтиўге ерисе алған.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Айымбетов Ҳ. Қыз. Поэма // Әмиўдәрья, №8, 1975.

2. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.

3. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1994.

4. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы (көркем сүўретлеў қураллары ҳәм усыллары, қосық қурылысының базы бир мәселелери). – Нөкис: Билим, 1997.

5. Досымбетова А.А. Шаўдырбай Сейтов лирикасында көркем форма (дәстүрий ҳәм жаңа формалардың синтези, сүўретлеў усыллары, еркин қосықлардың формалық өзгешеликлери). Филол. илим. канд. дисс. – Нөкис, 2008.

6. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар (Оқыў қолланба). – Нөкис: Қарақалпақстан, 2012.

7. Каримов К. Мәңгилик босағасында. Поэма // Әмиўдәрья, №2, 1980.

8. Мәтмуратов Т. Сайланды шығармалары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2019.

9. Поляков М.Я. Вопросы поэтики и художественной семантики. – Москва: Советский писатель, 1986.

10. Рахманов К. Аласапыран жыллар. Драмалық поэма // Әмиўдәрья, №1, 1984.

11. Сәрсенбаев Т. Қайнаўыт. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.

12. Сейтжанов Т. Өмир философиясы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.

13. Сейтназаров Ғ. Темир қазық. Поэма // Әмиўдәрья, №6, 1979.

14. Турабекова С. Ғафур Ғулом поэмаларининг тили ва стили ҳақида. Филол. фан. номз. дисс. – Тошкент, 1961.

15. Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа поэмалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1974.